

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA AK GOUVÈNMAN
ETAZINI

Jedi 26 Janvyè 2017 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Ansuit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonse pou w ekri repons pou Pati II, III A ak III B.

Pati I an gen 50 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Pati III a baze sou plizyè dokiman:

Pati III A a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan tiliv egzamen sa a sou liy ki vini apre kesyon an.

Pati III B a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A JOUK YO BA OU SIYAL POU FÈ SA.

Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Enstriksyon (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

1 Karakteristik jewografik New England ki te plis enfluyans nan rejyon an se te devlopman

- (1) endistri
- (2) moulen sik
- (3) gwo plantasyon
- (4) moun ki kiltive tè li anfèmen

2 • Kolon ki pwoteste kont Lwa Konsènan Tenm nan.

- Gwoup Pitit Libète yo te fòme.
- Kès te yo voye nan Boston Harbor.
- Paleman an pase Lwa Koèsitif yo.

Evènman sa yo te mennen nan

- (1) Lagè Fransè ak Endyen
- (2) Lagè Revolisyonè
- (3) Rebelyon Wiski
- (4) Lagè 1812

3 Ki tit ki pi byen konplete lide pasyèl ki anba la a?

- | |
|---|
| I. _____ A. Gouvènman nasyonal pa ka enpoze taks dirèk B. Pa gen yon sèl lajan nasyonal C. Pa gen yon egzekitif an chèf ki eli |
|---|

- (1) Feblès Atik Konfederasyon an
- (2) Fòs Kongrè Kontinantal la
- (3) Dispozisyon Konstitisyon Ameriken an
- (4) Enfluyans Trete ak Gouvènman Ewopeyen yo

4 Pandan deba sou ratifikasyon Konstitisyon Ameriken an, antifederalis yo te deklare yo dwe ajoute yon deklarasyon dwa moun pou

- (1) prezève enterè mèt esklav yo
- (2) fè yon lis responsablite sitwayen yo
- (3) pwoteje libète chak moun
- (4) asire sipremasi federal

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 5.

Kongrè pa gen dwa adopte okenn lwa konsènan etablisman yon relijyon, oswa entèdi pratik yon relijyon ak tout libète; oswa limite libète ekspresyon, oswa laprès; oswa dwa sitwayen yo pou pote plent bay gouvènman an pou repare tò yo te fè yo.

—First amendment, United States Constitution

5 Endike yon enpak amandman sa a te genyen sou sosyete ameriken an?

- (1) Kongrè pa ka deklare yon relijyon nasyonal.
- (2) Gwoup relijye yo pa ka fè presyon sou Kongrè.
- (3) Manm laprès yo pa ka gen pòs nan fonksyon piblik.
- (4) Lakou Siprèm nan pa ka limite libète lapawòl pandan lagè.

6 Lakou Siprèm ka enfluyans aksyon de (2) lòt branch gouvènman federal la kote yo

- (1) mete veto sou yon lwa
- (2) padonnen kriminel
- (3) fè yon revizyon jidisyè
- (4) akize prezidan an


7 Nan lane 1790, yo te fè premye resansman Ozetazini a pou

- (1) kreye kota imigrasyon
- (2) detèmine reprezantasyon chak eta nan Kongrè
- (3) etabli kantite jij federal ki pou nome
- (4) jistifye finansman pou edikasyon piblik

- 8 Ki gwoup ki te benefisyè plis lè Etazini te pran pò Nouvèl Oleyan an?
- (1) kiltivatè nan vale Rivyè Ohio a
 - (2) Endyen Ameriken Natifnatal nan Sidwès yo
 - (3) moun k ap pyeje bèt pou fouri yo nan valè Rivyè Hudson
 - (4) moun k ap travay nan min lò nan nò California
- 9 Yon rezon prensipal yo te adopte Doktrin Monroe (1823) a se te pou
- (1) amelyore relasyon komès ak Lazi
 - (2) gen nouvo koloni nan Amerik Latin
 - (3) gen tè pou bati yon kanal nan Amerik Santral
 - (4) limite enfliyans nan Emisfè Oksidantal la
- 10 Yon rezon prensipal pou politik Prezidan Andrew Jackson anvè Nasyon Cherokee yo se te pou
- (1) bay Endyen Ameriken Natifnatal yo pi bon tè pou kiltive
 - (2) ranfòse desizyon Lakou Siprèm Ameriken nan ka *Worcester* kont *Georgia* (1832)
 - (3) pran tè nan men Endyen Ameriken Natifnatal yo pou bay kolon blan yo
 - (4) jwenn sipò politik nan men Endyen Ameriken Natifnatal yo
- 11 Ki sitasyon ki reprezante ide Manifès Destine a?
- (1) “L ap pi bon pou enterè ameriken si nou pratike yon politik izolasyonis sevè.”
 - (2) “Si nou pase tarif pwoteksyonis, sa ap ankouraje devlopman endistriyèl.”
 - (3) “Imigrasyon se kle pou kwasans ekonomik peyi a.”
 - (4) “Etazini gen yon responsablite pou simaye ideyal ameriken yo vè lwès.”
- 12 . . . “Nou kenbe verite sa yo kòm verite ki klè, tout gason ak fanm te kreye egale; . . .”
— Seneca Falls Convention, 1848
- Ki dokiman ki te plis enfluyans moun yo ki te fè deklarasyon sa a?
- (1) Akò Mayflower
 - (2) Plan Inyon Albany
 - (3) Deklarasyon Endepandans
 - (4) Atik Konfederasyon an
- 13 Lwa Homestead (1862) la te ankouraje moun etabli yo nan Lwès paske li te bay
- (1) ansyen esklav yo karant (40) kawo tè ak yon milèt
 - (2) tè pou moun ki t ap viv ladan pou omwen senk (5) an
 - (3) reklamasyon min pou moun k ap chèche lò ak ajan
 - (4) tè pou konpayi kapab bati chemen fè transkontinantal
- 14 Kisa ki te yon rezilta prensipal apre Nò te genyen Gè Sivil la?
- (1) Pouvwa Lakou Siprèm nan te limite.
 - (2) Yo te konpanse mèt esklav yo pou pèt yo.
 - (3) Yo te redui enfliyans kòporasyon yo te genyen sou gouvènman an.
 - (4) Yo te kenbe sipremasi gouvènman nasyonal la.
- 15 Yon fason Andrew Carnegie ak John D. Rockefeller te parèy se toulede
- (1) te nan Kongrè Ameriken an
 - (2) te trete travayè yo ak respè
 - (3) te bay yon pakèt pou kòz charite
 - (4) te fè anpil fòtin nan endistri otomobil la
- 16 Pandan fen ane 1800 yo, moun ki te kont zafè timoun ap travay Ozetazini yo se te
- | | |
|----------------|---------------------------|
| (1) paran yo | (3) sendika travay yo |
| (2) nativis yo | (4) pwopriyetè faktori yo |
- 17 Nan fen ane 1800 yo, te vin gen plis demann pou materyèl matyè premyè ak yon dezi pou nouvo mache te kontribye nan desizyon Etazini pou adopte yon politik
- | | |
|----------------|-----------------------|
| (1) enperyalis | (3) sekirite kolektif |
| (2) pasifis | (4) izolasyonis |

- 18 “. . .Ou vini la pou di nou gran vil yo dakò ak etalon lò a; nou di gran vil yo chita sou gran peri fètil nou yo. Boule vil ou yo epi kite jaden nou yo, epi vil ou yo ap kanpe sou de pye yo ankò tankou se majik; men detwi vil nou yo epi zèb yo pral pouse nan lari chak vil nan peyi a. . . .”
—William Jennings Bryan, 1896
- Nan fen 19èm syèk la, pou eseye abòde pwoblèm William Jennings Bryan te prezante a, kiltivatè yo te
- (1) sipòte Pati Popilis la
 - (2) mande pi gwo tarif
 - (3) bay moun ki nan chomaj yo travay
 - (4) bay Kongrè presyon pou redui enpo sou revni
- 19 Kisa ki te yon rezilta desizyon Lakou Siprèm nan *Plessy* kont *Ferguson* (1896)?
- (1) Yo te entegre lekòl piblik yo nan tout peyi a.
 - (2) Yo te bay dwa sivil Ameriken Nwa yo plis fòs.
 - (3) Yo te fòse eta nan nò yo pou separe etablisman piblik yo.
 - (4) Yo te etabli doktrin “separe men egal” la.
- 20 Yon rezilta prensipal Lagè Panyòl-Ameriken sèke Etazini te
- (1) fòme yon alyans ak Angletè
 - (2) vin gen repitasyon yon pisans mondyal
 - (3) anile Doktrin Monroe a
 - (4) redui gwosè marin li
- 21 Yon objektif Lincoln Steffens, Frank Norris, ak Ida Tarbell te gen an komen se te pou
- (1) ankouraje ofisyèl gouvènman yo bese règleman biznis
 - (2) pwomouvwa reyalizasyon kapitèn endistri a
 - (3) kreye yon demann pou nouvo pati politik yo ranplase de (2) gran pati yo
 - (4) ogmante sansibilizasyon piblik la sou pwoblèm sosyal, politik, ak ekonomik yo
- 22 Epòk Pwogresif la, yo te adopte eleksyon primè yo pou
- (1) leve plis fon kanpay pou kandida yo
 - (2) ogmante pouvwa elektè yo sou pwosesis politik la
 - (3) ranfòse wòl machin politik yo
 - (4) ogmante pouvwa gouvènman federal la
- 23 Yo te rele Prezidan Theodore Roosevelt moun ki t ap responsab lwa antitwòs yo paske li te
- (1) dirije konstriksyon Kanal Panama a
 - (2) ankouraje konsèvasyon resous natirèl
 - (3) sipòte aksyon legal kont monopoli komèsyal
 - (4) demisyone nan Pati Repibliken an
- 24 Kisa politik Prezidan Woodrow Wilson te ye parapò ak peyi ki te nan lagè an Ewòp yo avan Etazini te antre nan Premye Gè Mondyal la?
- (1) netralite
 - (2) kont ekspansyon
 - (3) entènasyonalis
 - (4) diplomasi dola
- 25 Ki deklarasyon sou ekonomi ameriken an pandan ane 1920 yo ki vre?
- (1) Yo te ranfòse regleman federal konsènan biznis.
 - (2) Mwens moun te achte aksyon.
 - (3) Pwodiksyon an mas te ogmante rezèv byen konsomatè
 - (4) Pati repibliken an te sipòte asirans chomaj.

Baze repons ou pou kesyon 26 lan sou desen ki pi ba a ak konesans ou nan etid sosyal.



Sous: Clifford Berryman, *Washington Star*, August 31, 1930

26 Desen sa a montre yon sitiyasyon ki rive te akòz

- (1) rejè piblik Nouvo Kontra a
- (2) ralantisman ekonomik nan fen ane 1920 yo
- (3) echèk Kò Konsèvasyon Sivil la
- (4) opozisyon Trete Vèsay la

- 27 Prezidan Franklin D. Roosevelt te kwè si li te deklare yon jou ferye epi kreye yon Kòporasyon Asirans Pou Depo Federal (Federal Deposit Insurance Corporation, FDIC) sa t ap ede sistèm bank lan kote li t ap
- (1) limite investisman etranje
 - (2) fè gouvènman yo sispann kontwole bank yo
 - (3) restore konfyans piblik la nan bank yo
 - (4) bay soulajman fiskal

Baze repons ou pou kesyon 28 lan sou pasaj ki pi ba a ak konesans ou nan etid sosyal.

. . . Mwen wè yon tyè (1/3) nan peyi a san yon bon kote pou rete, mal abiye, mal nourri.

Se pa ak dezespwa m ap di ou sa. M ap di ou sa ak lespwa—paske Nasyon sa a, ak tout enjistis nou konnen ki gen ladan, te lakòz sa ki rive a. Nou detèmine pou fè chak sitwayen ameriken objè enterè ak enkyetid peyi a; epi nou pa pral pran okenn gwoup ki fidèl e ki respekte lalwa anndan fwontyè nou yo pou initil. Tès sou pwogrè nou se pa si nou ajoute plis abondans pou sa ki gen twòp yo, men se si nou bay moun ki genyen twò piti yo ase

—President Franklin D. Roosevelt, Second Inaugural Address, January 20, 1937

- 28 Pou abòde sitiyasyon Prezidan Franklin D. Roosevelt te abòde nan diskou li a, li te
- (1) redui enfliyans sendika travay yo
 - (2) sipòte pwogram pou ede moun ki pòv ak san travay
 - (3) pwomouvwa enterè gwo biznis yo
 - (4) adopte teyori ekonomi redistribisyon an

- 29 Kongrè te pase Lwa Netralite 1935 ak 1937 yo pou
- (1) ede Etazini soti anba Gran Depresyon an
 - (2) anpeche Almay Nazi konkeri Lewòp
 - (3) ede ameriken yo ki te batay nan Gè Sivil Espanyòl la
 - (4) evite Etazini antre nan yon lòt gè mondyal

- 30 “Ayè ki te 7 desanm 1941—yon dat ki pral viv nan dezonè—Etazini Damerik te anba atak fòs naval ak fòs aeryèn Lanpi Japon toudenkou ak espri. . . .”
—President Franklin D. Roosevelt, Address to Congress, December 8, 1941

Nan deklarasyon sa a, Prezidan Roosevelt t ap pale ak Kongrè sou

- (1) nofraj bato machandiz nan Oseyan Atlantik la
- (2) envazyon Jou-J an Frans
- (3) bonm yo te lage sou Pearl Harbor
- (4) atak yo te fè nan lè sou Kanal Panama

- 31 Pandan Dezyèm Gè Mondyal la, yo te akize gouvènman federal la pou vyòl dwa konstitisyonèl paske li te
- (1) siyen Akò Yalta a
 - (2) enplemannte yon anwòlman pou agrandi fòs lame a
 - (3) deplase Japonè-Ameriken yo pou mete yo kan entènman
 - (4) inisye Manhattan Project ki te yon sekre

Sèvi ak afich ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 32.



Sous: N.C. Wyeth,
U.S. Department of the Treasury, 1942



Sous: Weimer Pursell,
Office of Price Administration, 1943

32 Afich sou Dezyèm Gè Mondyal sa yo ankouraje ameriken yo pou yo

- (1) mande pou ogmante salè to
- (2) anwole nan lame
- (3) achte machin tou nèf
- (4) sipòte efò y ap fè pou lagè lakay yo

33 Ki estanda jistis yo te itilize pou dirijan Nazi yo nan jijman Nuremberg apre Dezyèm Gè Mondyal la?


- (1) Atak militè sou popilasyon sivil yo te legal.
- (2) Yo kapab mete responsablite pou krim kè yo sou yon endividi pèsònèlman.
- (3) Ofisye militè yo pa responsab si se lòd yo t ap pran.
- (4) Se sèlman Lig Nasyon an ki kapab detèmine lwa entènasyonal.

34 Poukisa yo te kreye pon ayeryen Bèlen nan?

- (1) pou bay Bèlen Lwès nesosite pandan blokis sovyetik la
- (2) pou ede bat Lame Alman an
- (3) pou ede moun k ap eseye sove kite Bèlen Lès yo
- (4) pou fòse Inyon Sovyetik fini ak okipasyon Almay Lès la

- 35 Pandan ane 1960 yo, manm Komite Kowòdinasyon Elèv San Vyolans la (Student Nonviolent Coordinating Committee, SNCC) te fè manifestasyon anplas prensipalman pou
- (1) pwoteste kont pri inivèsite ki te chè
 - (2) ankouraje yo pase lwa pou lè ki pwòp
 - (3) sipòte dwa sitwayen 18 an yo pou yo vote
 - (4) konteste etablisman piblik ki separe blan ak nwa yo
- 36 Kisa ki te yon gwo rezilta kriz misil Kiben an 1962 a?
- (1) Yo te retire Fidel Castro sou pouvwa.
 - (2) Yo te fè demach pou kalme tansyon Gè Fwad la.
 - (3) Fòs Nasyonzini yo te anvayi Kiba.
 - (4) Komès ant Kiba ak Etazini te ogmante.
- 37 Prezidan Kennedy te kreye Kò Lapè nan ane 1960 yo pou
- (1) goumen kont revolisyonè nan peyi demokratik yo ak fòs militè
 - (2) amelyore kondisyon ekonomik nan peyi k ap devlope yo
 - (3) rebati vil Etazini yo ak renouvèlman iben
 - (4) ranvèse kontwòl Sovyètik nan Ewòp Delès
- 38 Ki deklarasyon sou Gè Vyètnan nan ki se yon opinyon?
- (1) Fason Prezidan Lyndon B. Johnson ogmante gè a te yon erè.
 - (2) Fòs lame Etazini yo te soti Vyètnam pandan prezidans Gerald Ford.
 - (3) Dezagreman sou gè a te divize piblik ameriken an.
 - (4) Lagè Vyètnam nan an te konfli militè ki te dire plis tan nan istwa Etazini.
- 39 Akò SALT I ak SALT II nan ane 1970 yo te amelyore relasyon Gè Fwad ant Etazini ak Inyon Sovyetik kote yo te
- (1) ankouraje eksplorasyon nan lespas
 - (2) ogmante echanj kiltirèl
 - (3) bese baryè pou komès
 - (4) limite zam nikleyè
- 40 Kisa ki te yon gran reyalizasyon prezidans Jimmy Carter a?
- (1) reyini Almay Lès ak Almay Lwès
 - (2) negosye akò lapè ant Lejip ak Izrayèl nan Kan David
 - (3) fini ak depandans Etazini sou petwòl enpòte
 - (4) sovtaj otaj ameriken yo nan Iran
- 41 Prezidan Ronald Reagan te sipòte ekonomi òf la kote li te redui to taks pou
- (1) ankouraje kwasans ekonomik
 - (2) kreye plis djòb travo piblik
 - (3) ogmante kontwòl gouvènman gen sou biznis yo
 - (4) redui depans pou defans
- 42 Yo te kreye Akò Lib Echanj Nò Ameriken an (NAFTA) ak Akò Jeneral sou Dwa Ladwàn ak Komès (GATT) yo prensipalman pou
- (1) sipòte anviwònmantalis
 - (2) jere defans mityèl
 - (3) amelyore sante piblik nan lemonn antye
 - (4) pwomouvwa entèdepandans ekonomik

Sèvi ak desen ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 43 a.



Sous: Nick Anderson, *Louisville Courier-Journal*, December 22, 2005

- 43 Desen sa a ilistre kijan aksyon yo te pran pandan peryòd kriz kapab fè moun enkyete sou fonksyonman
- (1) federalis
 - (2) neglijan salitè
 - (3) sistèm pouvwa ekilibre
 - (4) lejislati ki gen de (2) chanm

- 44 Desizyon Lakou Siprèm sou Jij Prensipal John Marshall ak sou Jij Prensipal Earl Warren demontre
- (1) Lakou Siprèm kapab gen yon gran enfliyans sou chanjman ekonomik ak sosyal
 - (2) jij prensipal yo gen yon ti kras enfliyans sou Lakou Siprèm
 - (3) fòk prezidan an apwouve desizyon Lakou Siprèm yo
 - (4) eta yo kapab ranvèse desizyon Lakou Siprèm yo

- 45 “. . . Sou yon gouvènman ki mete inosan nan prizon, vrè plas yon moun ki jis se nan prizon tou. . . .”


—Henry David Thoreau

Refòm ki dirijan ki te reflekte nan ide deklarasyon sa a Thoreau te fè?

- (1) sipò Booker T. Washington pou edikasyon teknik
- (2) lè Jane Addams te etabli Hull House
- (3) liv Rachel Carson sou anviwònman an
- (4) lè Martin Luther King Jr t ap defann dezobeyisans sivil

Baze repons ou pou kesyon 46 sou tablo ki pi ba a ak konesans ou nan etid sosyal.

Imigrasyon Legal Ozetazini: 1900–2005



Sous: U. S. Department of Homeland Security (adapte)

46 Ki deklarasyon enfòmasyon nou bay nan graf sa a sipòte pi byen?

- (1) Imigrasyon ogmante chak ane, depi ane 1950.
- (2) Kota yo favorize imigrasyon k ap soti nan Ewòp sid ak lès.
- (3) Imigrasyon te bese pandan peryòd lagè ak difikilte ekonomik.
- (4) Depi 1920, omwen yon milyon moun vin Ozetazini chak ane.

47 Yon fason lè Prezidan Abraham Lincoln te sispann Abeyas Kopous (1861), Lwa Sou Espyonaj la (1917), ak Lwa Patiryòt Etazini an (2001) menm jan se paske aksyon sa yo te


- (1) ranfòse trete entènasyonal
- (2) ogmante kowoperasyon politik
- (3) ankouraje devlopman ekonomik
- (4) limite libète sivil pandan lagè

48 Sa ki te enfluyanse Renesans Harlem nan se te

- (1) migrasyon ameriken nwa ki te soti nan zòn rural Sid epi ale nan zòn iben Nò yo
- (2) lè yo te pase lwa federal pou fè li ilegal pou gen diskriminasyon rasyal nan etablisman piblik yo
- (3) entegrasyon rasyal militè a pandan Premye Gè Mondyal la
- (4) itilize diskriminasyon pozitif apre Dezyèm Gè Mondyal la

Sèvi ak graf ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 49 ak 50.

Total Popilasyon Etazini pa Rejyon: 1900–2000



Sous: U.S. Census Bureau (adapte)

49 Ki seksyon nan peyi a ki te genyen pi plis popilasyon nan ane yo ki sou graf la?

- | | |
|------------|-----------|
| (1) Sid | (3) Nòdès |
| (2) Midwès | (4) Lwès |

50 Kisa ki yon efè chanjman nan popilasyon sou graf la te genyen sou politik nasyonal?

- (1) li te redui kantite senatè ki gen nan Midwès la
- (2) li te ogmante reprezantasyon Sid ak Lwès nan Kongrè
- (3) li te amelyore chans pou eleksyon kandida prezidansyèl nan Nòdès yo
- (4) li te ranfòse kontwòl Pati Demokratik la nan Sid

Paj sa a rete vid toutespre.

Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon apa a.

Nan devlopman repons ou yo pou Pati II a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè de li”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezonman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati II

KESYON REDAKSYON TEMATIK

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragaf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

Tèm: Lavi Kiltirèl ak Entèlektyèl—Enfliyans medya an mas

Depi nan premye jou nou kòm yon nasyon, medya an mas te gen yon gran enfliyans nan lavi politik, ekonomik, ak sosyal Etazini ak sosyete ameriken an. Medya sa yo gen ladann bwochi, jounal, liv, magazin, afich, foto, radyo, fim, ak televizyon.

Sa pou fè:

Chwazi **de (2)** egzanp kote medya an mas te enfliyanse Etazini epi pou yo **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki asosye ak pwoblèm medya an mas te abòde a
- Diskite efè *pozitif* **ak/oswa** *negatif* itilizasyon medya an mas yo nan fason sa a te gen sou Etazini ak/oswa sosyete ameriken an

Ou kapab itilize nenpòt egzanp kote medya an mas te enfliyanse lavi politik, ekonomik, ak/oswa sosyal Ozetazini. Men kèk sijesyon ou ta ka vle anvizaje mete:

Common Sense (Bon Sans)—Thomas Paine
Uncle Tom’s Cabin (Kabin Tonton Tòm)—Harriet Beecher Stowe
jounalis sansasyonalis—William Randolph Hearst ak Joseph Pulitzer
How the Other Half Lives (Fason Lòt Mwatye a ap Viv)—Jacob Riis
The Jungle (Jeng lan)—Upton Sinclair
ti koze bò dife—Prezidan Franklin D. Roosevelt
jounalis ak foto—manifestasyon dwa sivil
jounal televize chak swa—Gè Vyètnam
Washington Post—ankèt sou administrasyon Nixon

Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.

Gid:

Nan redaksyon ou asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

Paj sa a rete vid toutespre.

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te ekri dokiman an.

Kontèks Istorik:

Nan tout istwa Etazini, prezidan yo te fè pwopozisyon pou abòde pwoblèm enpòtan peyi a te genyen. Manm Kongrè yo pa te toujou dakò ak pwopozisyon sa yo. Rezilta sitiyasyon sa yo te afekte Etazini ak sosyete ameriken an. Pwoblèm sa yo te gen ladan yo **Gè Meksiken-Ameriken ak Prezidan James K. Polk, Rekonstriksyon ak Prezidan Abraham Lincoln ak Prezidan Andrew Johnson, ak desizyon Lakou Siprèm ak Prezidan Franklin D. Roosevelt.**

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

Chwazi **de (2)** pwoblèm ki endike nan kontèks istorik la, epi pou yo **chak**

- Dekri pozisyon prezidan an sou pwoblèm nan
- Dekri opozisyon kongrè a kont pozisyon prezidan an
- Diskite kijan rezilta sitiyasyon an te enfluyanse Etazini ak/oswa sosyete ameriken an

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè de li”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalyte, rezonman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Enstriksyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1

. . . Tout mechanste Meksik te fè sitwayen nou yo pandan tout tan sa a poko [pa] rezoud, epi yo pa te respekte trete kote yo te pwomèt yo pou rezoud pwoblèm nan. Yon gouvènman ki swa pa kapab oswa pa vle mete trete sa yo an aplikasyon pa fè travay li. . . .

Malgre sa, nou te fè tout efò pou rejwenn [genyen] bon volonte l. Sou pretèks Texas, ki se yon nasyon endepandan, te panse li te apwopriye pou mete desten li ak pa nou, li kwè nou te pran teritwa pa li, epi nan pwoklamasyon ak manifès ofisyèl, li kontinye fè menas pou ale nan gè ak nou pou re pran Texas. Pandansetan, nou te fè tout sa nou kapab pou rekonsilye ak yo. Pasyans [tolerans] nou te fini depi avan dènye enfòmasyon nou te jwenn nan Del Norte [Rio Grande]. Men kounye a, apre yo fin fè nou kont menas, Meksik pase sou fontyè Etazini, li anvayi teritwa nou epi fè san ameriken koule sou tè ameriken. Li pwoklame batay la kòmanse, epi kounye a de (2) peyi yo nan lagè.

Menmsi lagè egziste, epi, malgre [byenke] tout efò nou te fè pou evite li, li egziste akòz zak Meksik menm, nou oblije aksepte obligasyon nou kòm yon nasyon patriyòt pou nou vanje [jistifye] ak desizyon onè, dwa ak enterè peyi nou. . . .

Sous: President James K. Polk, Special Message to Congress on Mexican Relations, May 11, 1846

1 Selon mesaj li bay Kongrè, kisa ki **yon** rezon Prezidan James Polk te sipòte gè ak Meksik? [1]

Score

Dokiman 2

. . . Kokennchenn vòt Kongrè pou lagè—174 a 14 nan Chanm nan epi 40 a 2 nan Sena a—ap twonpe. Akòz tout ameriken ki te pèdi vi yo a, tout seksyon ak tout pati te twò kontan pou andòse konfli a. Slogan ki te popilè “Ho for the Halls of the Montezumas!” ak “Meksik ou lanmò!” Men ti kras pa ti kras, moun yo te vin pa anvè goumen “Gè Jimmy Polk la,” sitou pami pati whig opozisyon an ak mesye ki kont esklav yo. Yon Depite abolisyonis te denonse konfli a. Li te di se yon bagay “sal ki pa dwat, e ki detestab.” Oratè distenge Whig, Senatè [Thomas] Corwin nan Ohio te deklare nan yon diskou memorab [11 fevriye 1847] si li te yon meksiken, li ap mande ameriken yo “Èske ou pa gen plas nan pwòp peyi ou pou tere mò ou yo? Si ou vini nan pa mwen, n ap akeyi w ak yon men ki kouvri ak san; epi n ap swete w byenvini nan tonb ospitalye yo.”

Abraham Lincoln, ki te antre nan Chanm nan kòm yon Whig kèk mwa apre gè a te kòmanse te ale nan bò opozisyon an. Nan “rezolisyon pwen” selèb li a, ki te fè yo bay li ti non jwèt “Lincoln pwen,” li te mande pou konnen egzakteman nan ki “pwen” sou tè ameriken an yo te kòmanse tire. Sètènman Polk t ap pi pre laverite si li te di “San ameriken te koule sou tè Etazini ak Meksik nan kont yo a”—tè ke Meksik sanble teknikman li gen plis dwa pou reklame pase Etazini. . . .


Sous: Thomas A. Bailey, *A Diplomatic History of the American People*, Prentice-Hall, 1974 (adapte)

2 Selon Thomas A. Bailey, kisa ki **yon** rezon manm Kongrè yo te kont gè ak Meksik? [1]

Score

Dokiman 3a

Akizisyon Etazini nan Meksik, 1848



Sous: *Historical Maps on File, Facts on File, 2002 (adapte)*

Dokiman 3b

... Men kongrè a menm te nan diskisyon ant yo men sou kesyon esklavaj la, epi endepandans California te menase balans sa a. Yon fwa kongrè a te swete Konpwomi Missouri 1820 an te regle pwoblèm ekstansyon esklavaj la nèt, ki te entèdi esklavaj nan pifò kote nan Lwès. Men lè yo te bat Meksik—epi pran plizyè milye mil kare—sa te chanje tout bagay. . . .

Sous: Geoffrey C. Ward et al., *The West: An Illustrated History*, Little, Brown and Company, 1996

3 Dapre dokiman sa yo, ki **de (2)** konsekans Lagè Meksiken-Ameriken an te genyen sou Etazini? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 4a

. . . Abraham Lincoln tepanse prezidan an te sipoze dirije efò pou gen lapè, epi li pare pou mete kondisyon senp pou gen lapè. An 1863 li te anonse volonte pou padonnen tout rebèl (sòf pou sèten dirijan) ki te met zam yo atè epi sèmanse fidelite anvè Etazini. Li te pwopoze “plan dis (10) pousan” pou rekonstriksyon an tou. Selon plan sa a, dis (10) pousan elektè ki kalifye yo (depi 1860) nan yon eta ki soti, lè yo prete sèman an, kapab fòme yon nouvo gouvènman eta epi aplike pou re-entegre nan Inyon an. Yo t ap oblije aksepte règ Kongrè a ak Prezidan an kont esklavaj, tankou Pwoklamasyon Emansipasyon an. Avan gè a te fini, pwosesis pou kreye eta a te kòmanse pou plan Lincoln nan Louisiana Arkansas, ak Tennessee. . . .

Sous: Richard N. Current, ed., *Reconstruction [1865–1877]*, Prentice-Hall, 1965

4a Selon dokiman sa a, kisa ki te **yon** pwopozisyon Prezidan Abraham Lincoln te fè konsènan re-entegrasyon Sid la nan Inyon an? [1]

Score

Dokiman 4b

. . . Menmsi Johnson te fache kont dirijan Konfedere yo epi li te mande pou pini yo chak, li te kwè eta yo te reprezante yo te toujou fè pati Inyon an epi yo te gen garanti reprezantasyon nan Kongrè. Donk, t ap gen restorasyon imedyà yo, pa re-integrasyon, paske daprè li yo pa te janm soti. Li te pito restorasyon sa a te fèt apre chak eta te ratifye Trèzyèm Amandman ki aboli esklavaj la, men li pa te vle ensiste sou kondisyon sa a. Epi li pa te chèche okenn pwoteksyon pou moun lib yo. . . .

Sous: Hans L. Trefousse, “Andrew Johnson,” in *“To the Best of My Ability”: The American Presidents*, edited by James M. McPherson, DK Publishing, 2001

4b Selon dokiman sa a, kisa ki te **yon** pozisyon Prezidan Andrew Johnson te pran konsènan restorasyon Sid la nan Inyon an? [1]

Score

Dokiman 5a


Kèk Evènman Nan Peryòd Rekonstriksyon an

- 1864** • Louisiana, Arkansas, ak Tennessee te etabli gouvènman ki fidèl anvè Inyon an sou plan Lincoln nan
 - Lwa Wade-Davis Bill lan pase nan Kongrè
- 1865** • Johnson te eseye re-entegrè rès eta Konfedere yo nan Inyon an
 - Eta Sid yo pase Kòd Nwa
 - Kongrè Etabli Biwo Afranchi yo
 - Kongrè rankontre ankò (desanm) epi refize aksepte reprezantan Sid yo; kreye yon Komite Pou Rekonstriksyon
- 1866** • Kongrè apwouve Katòzyèm Amandman an; pifò eta Sid refize li
- 1867** • Lwa Rekonstriksyon Militè a (ak de (2) lwa an plis) detaye plan kongresyonèl pou Rekonstriksyon an
 - Lwa sou manda ak Lwa Kòmand Lame a limite pouvwa prezidansyèl
 - Eta Sid yo etabli gouvènman Rekonstriksyon sou plan kongresyonèl la
- 1868** • Yo re-entegrè pifò eta Sid nan Inyon an sou plan kongresyonèl la
- 1870** • Yo re-entegrè dènye eta Sid yo nan Inyon an
- 1877** • Rekonstriksyon Kongresyonèl fini

Sous: Richard N. Current, et al., *American History: A Survey*, Alfred A. Knopf, 1987 (adapte)

Dokiman 5b

Rekonstriksyon Kongresyonèl: Règ Radikal Sid la



Sous: Robert A. Devine et al., *America: Past and Present*, Addison Wesley Longman, 1999 (adapte)

5 Selon kwonoloji ak kat jewografik sa a, idantifye **de (2)** fason Kongrè te fè fas ak Rekonstriksyon. [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 6

Eprèv long esklavaj la te fini an 1865 pou 4 milyon ameriken nwa. Toudenkou, yo te gen libète yo t ap reve apre de (2) syèk esklavaj la. Monn nan te louvri pou yo: yo te ka al wè fanmi yo libreman, ale lekòl, oswa fè politik. Sepandan, tousuit apre sa, Nwa yo te rann kont gen lòt chenn ki te mare yo. Yo pa te gen senk kòb pou achte tè; yo pa te gen fòmasyon pou jwenn pi bon travay. Nan ane 1870 ak 1880 yo, yo te pèdi anpil privilèj yo te genyen lè yo te vin endepandan, tankou dwa pou vote. Booker T. Washington te vin gen plis matirite nan ane kote nwa yo te genyen kè kontan pou libète ak imilyason akòz segregasyon. Li te montre depi li piti yon ansyen esklav ka reyisi si li travay di. Lè li te vin gran, li te wè kijan moun li yo t ap souffri ak prejije, epi li te reyaji fason li te konnen, ki te ankouraje moun yo pou yo itil tèt yo yon bagay malgre prejije ak segregasyon. . . .

Sous: J. William T. Youngs, "Beyond Emancipation," *American Realities: Historical Episodes*, Longman, 2001

6 Selon J. William T. Youngs, kisa ki te **de (2)** fason Rekonstriksyon ak fen esklavaj la te afekte ameriken nwa yo? [2]


(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 7a



Sous: Ray O. Evans, *Columbus Dispatch*, February 10, 1937 (adapte)

7a Selon desen politik sa a, poukisa Prezidan Franklin D. Roosevelt te fache ak Lakou Siprèm? [1]

Score

Dokiman 7b

Prezidan Franklin D. Roosevelt te prezante yon pwopozisyon pou ankouraje plis koperasyon ant twa (3) branch gouvènman an.

. . . Jedi pase mwen te dekri yon fòm gouvènman ameriken ki gen twa (3) ekip cheval konstitisyon an bay pèp ameriken an pou travay tè yo. Twa (3) cheval sa yo se twa (3) branch gouvènman an—Kongrè, Egzekitif ak Lajistis. De (2) nan cheval sa yo ap travay ansanm jodiya, men gen youn ki pa vle travay. Sa yo ki te vle fè konprann [sijere] Prezidan Etazini a ap eseye kondui ekip sa a pa te wè Prezidan an li menm, kòm chèf Egzekitif la, se youn nan twa (3) cheval sa yo. . . .

Kisa mwen pwopoze? Se yon bagay senp: nenpòt lè youn Jij nan nenpòt Lakou Federal gen swasanndis (70) an epi li pa pran retrèt sou pansyon fòk Prezidan ki an fonksyon an nomen youn nouvo manm, avèk apwobasyon, selon sa Konstitisyon an mande, Sena Etazini an. . . .

Sous: President Franklin D. Roosevelt, March 9, 1937

7b Selon dokiman sa a, kisa Prezidan Franklin D. Roosevelt te pwopoze konsènan Lakou Siprèm? [1]

Score

Dokiman 8

LWA REFÒM JIDISYÈ A

. . . Pwopozisyon [Prezidan Franklin D.] Roosevelt pou “pake tribinal” (mete plis jij nan tribinal) la a te choke anpil moun, men konstitisyonèlman Kongrè te gen pouvwa pou decide sou kantite moun ki pou nan Lakou Siprèm nan. Prezidan an te kwè paske Demokrat yo te gen majorite, yo t ap sipòte li. Olye de sa, te gen divizyon nan pati a epi anpil Demokrat te mete yo ak moun ki te kont Prezidan an. Te gen plizyè rezon pou pozisyon sa a. Petèt rezon pi enpòtan an se Roosevelt te lage plan li a sou sipòte li yo san li pa te avèti yo. Yon lòt rezon se, malgre Kongrè kapab anniye anpil ak Lakou siprèm nan, li pa te ka deranje separasyon pouvwa yo. Epi kongrè, nan tout listwa, te toujou reyaji kont aksyon egzekitif ki sanble se diktatè. . . .

Sous: Leonard F. James, *The Supreme Court In American Life*, Scott, Foresman and Company, 1964

8 Selon Leonard F. James, kisa ki te **yon** rezon Kongrè te kont pwopozisyon Prezidan Franklin D. Roosevelt pou “pake tribinal” la? [1]

Score

Dokiman 9

. . .Batay lèd pou zafè mete plis jij nan tribinal la te fini pi byen pase sa nou te espere. Yo te defèt lwa a ki vle di yo te prezève entegrite enstitisyonèl Lakou Siprèm Etazini—yo pa te chanje kantite moun ki ladan pou rezon politik oswa ideyolojik. Epi tou, Roosevelt te deklare menmsi li te pèdi batay la, li te genyen gè a. Epi li te genyen vre nan yon sans enpòtan: li te anpeche yo elimine Lwa Sekirite Sosyal la ak lòt lwa. Sa ki pi enpòtan nan tout bagay sa a se, chanjman nan tribinal la te vin sa istoryen yo rele “revolisyon konstitisyonèl ane 1937 la”—yo te rann li legal pou gouvènman nasyonal ak eta yo itilize dwa yo te pèdi pou plizyè dizèn ane.

Konkou 168 jou a te montre anpil leson ki [benefik] bon. Li te montre prezidan yo pou yo reflechi avan yo jwe ak Lakou Siprèm. Komite Jidisyè Sena a te di, “Zak FDR a te yon mezi tout moun dwe refize paske yo pa dwe janm prezante li bay reprezantan lib pèp lib Lamerik la.” Epi sa pa te janm rive ankò. An menm tan, li te montre jij yo tou si yo te janm eseye deranje fonksyon branch demokratik yo pou move rezon, sa kapab pote [pwovoke] yon kriz ak konsekans nou pa kapab prevwa. Pandan li pa te dakò ak ka AAA an 1936 la, Jij Stone te raple frè li yo “Tribinal yo pa sèl ajans gouvènman ki gen kapasite pou dirije.” Gen leson—Pou prezidan ak tribinal la—ki enpòtan [esansyèl] jounen jodiya a menm jan yo te ye an 1937.

Sous: William E. Leuchtenburg, “When Franklin Roosevelt Clashed with the Supreme Court—and Lost,”
Smithsonian Magazine, May 2005

9 Selon William E. Leuchtenburg, kisa ki te **yon** enpak efò Prezidan Franklin D. Roosevelt pou pake Lakou Siprèm nan? [1]

Score

Pati B

Redaksyon

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèw nan *omwen kat (4)* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

Kontèks Istorik:

Nan tout istwa Etazini, prezidan yo te fè pwopozisyon pou abòde pwoblèm enpòtan peyi a te genyen. Manm Kongrè yo pa te toujou dakò ak pwopozisyon sa yo. Rezilta sitiwayon sa yo te afekte Etazini ak sosyete ameriken an. Pwoblèm sa yo te gen ladan yo **Gè Meksiken-Ameriken ak Prezidan James K. Polk, Rekonstriksyon ak Prezidan Abraham Lincoln ak Prezidan Andrew Johnson, ak desizyon Lakou Siprèm ak Prezidan Franklin D. Roosevelt.**

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, ekri yon redaksyon kote ou

Chwazi **de (2)** pwoblèm ki endike nan kontèks istorik la, epi pou yo **chak**

- Dekri pozisyon prezidan an sou pwoblèm nan
- Dekri opozisyon kongrè a kont pozisyon prezidan an
- Diskite kijan rezilta sitiwayon an te enfluyanse Etazini ak/oswa sosyete ameriken an

Gid:

Nan redaksyon ou asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete enfòmasyon nan *omwen kat (4)* dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan ki soti lòt kote
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

